**Nhanganyaya**

Hondo yorusunungukoyakakosha zvikuru murungano rwenyika' yeZimbabwe nokudakwekuti ndiyo yakatipa rusununguko urwu rwoita kuti tiwane minda iyo yatairwira nezvimwe zvataisagona kuwana nokuita. Nganonyorwa idzi dzingadai dzakanyorwa munguva chaiyo yairwiwa hondo dzichibatsira kurira kwaiita pfuti, sekubatsira kwaiita nzimbo nemitambo pamapungwe. Kutaridza kukosha kwenganonyorwa idzi dzehondo murungano rwenyika, Frantz Fanon mubhuku rake, *The Wretched of the Earth* (1963) anoti :

*This may be properly called a literature of combat, in the sense that it calls on the whole people to fight for their existence as a nation. It is a literature of combat, because it moulds the national consciousness, giving it form and contours and flinging open before its new and boundless horizons; it is a literature of combat because it assumes responsibility, and because it is the will to liberty expressed in terms of time and space* (Fanon, 1963:193).

(Uhwu ndihwo hunonzi uvaranomwe hwehondo nokuda kwekuti hunokokorodza vanhu vose kuti varwire kodzero dzavo senyika. Uvaranomwe hwehondo nokuda kwekuti hunotiumba kuti tive nezivo yokuti tisu vana ani, zivo ine chimiro chokuunza mafungiro matsva, uvaranomwe hwehondo nokuti hune basa

rokupa shungu dzokuti tirwire rusununguko chero ipi zvayo nguva pane ipi zvayo nzvimbo).

Semaonero aFanon, vanyori vashoma vanobuditsa Hondo yeChimurenga zvinogutsa uye zvichibatsira pabudiriro yenyika, kutodza mafungiro evanhu, kuvazarurira mikana yavanenge vasina mune zvetsika dzedu uyezvoupfumi, matongerwo enyika, zvichingodaro. Dambudziko guru pakunyorwa kwenhoroondo yehondo nderekuti vanyori vakawanda vakanzwa nezvehondo iyi nevamwe vanhu kana kuiverenga mumapepa ivo vasina umbowo hwacho pachavo semurwiri werusununguko kana kuve mujibha.